

Envision Cambridge



Yo te prepare l pou Depatman Devlopman Vil Cambridge la an 2018.

Dokiman sa a rezime pwosesis planifikasyon Envision Cambridge itilize a. Tanpri, ale nan envision.cambridgema.gov pou w wè tout plan an nèt.

Biwo Egzekitif

Louis A. DePasquale, Manadjè Vil la
Lisa C. Peterson, Manadjè Adjwen Vil la

Konsèy Vil

Marc C. McGovern, Majistra
Jan Devereux, Majistra Adjwen
Dennis J. Caralone
Craig A. Kelley
Alanna M. Mallon
Sumbul Siddiqui
E. Denise Simmons
Timothy J. Toomey, Jr.
Quinton Y. Zondervan

Konsèy Planifikasyon

H. Theodore Cohen, Prezidan
Catherine Preston Connolly, Vis Prezidan
Louis J. Bacci, Jr.
Nikolas Bowie
Steven A. Cohen
Corinne Espinoza
Mary T. Flynn
Hugh Russell
Tom Sieniewicz

Pou w jwenn moun pou kontakte pou pwojè a ak yon lis ki gen tout manm pèsonèl yo ak moun nan kominate a ki te kontribye nan Envision Cambridge, gade paj 26 a 29.





Yon Plan Pou 2030

Envision Cambridge se plan konplè Vil Cambridge la genyen: yon plan pou tout vil la pou kreye yon kominate ki dirab, ki san patipri, e ki aksepte tout moun. Plan sa a idantifye teknik k ap pèmèt nou pousuiv objektif ki gran, men ki rezonab, atravè ane k ap vini yo.

Se kominate a ki kreye Envision Cambridge, e li kreye l pou pwofi pa kominate a. Envision Cambridge sèvi sa k pi bon nan vil la—sètadi moun ki ladan l yo, biznis li yo, enstitisyon l yo, jan l conn fè pwogrè, ak prensip li yo—pou l jwenn solisyon pou pwoblèm ijan popilasyon an genyen yo epi pou l ajoute sou sa k fè Cambridge yon bèl kote pou moun viv, travay, e vizite.

Pandan 3 ane ki sot pase yo, plizyè milye moun te kreye Envision Cambridge pa mwayen yon pwoesis publik ki enplike tout moun. Nan travay ansanm, nou te idantifye prensip de baz nou yo antanke yon kominate epi n te fikse yon vizyon pou avni vil la nou tout pataje atravè 6 domèn planifikasyon: klima ak anviwònman, byennèt kominate a, ekonomi, lojman, deplasman, ak fòm vil la. Plan an rekòmande 37 objektif, 42 teknik, ak 175 nouvo aksyon oswa aksyon modifye, ki pral pèmèt vizyon an reyalize.

Aksyon yo gen ladan yo rekòmandasyon politik, pwogram, chanjman nan zòn yo, sèvis

kominotè, edikasyon, envestisman nan biznis, ak efò k ap fèt pou plede ni nan nivo eta a, ni nan nivo rejon an. Ap bezwen plis travay nan ane k ap vini yo pou atenn chak objektif. Anpil nan etap yo mande plis analiz, anpil lajan pou fonksyone e pou envèsti, ak/oswa patisipasyon kominate a alalong. Pakonsekan, Envision Cambridge itilize yon apwòch aplikasyon fleksib epi l rekonèt opòtinite depann de anpil diferan bezwen lojistik, bezwen finansye, ak bezwen teknik, ansanm ak lòt bagay ki chanje avèk letan. Ki lè yo mete bagay yo ann aplikasyon pral depann de bidjè Vil la pou kounye a e pou pi devan an, kontribusyon nan

men kominate a, ak kontribusyon ki fèt anrapò ak objektif ak vizyon plan an. Envision Cambridge se yon dokiman ki vivan e yo pral fè mizajou ladan l pou adapte l parapò ak chanjman ki pral fèt ak priyorte ki pral evolye avèk letan. Nou pral mezire e kominke pwogrè ki fèt regilyèman. Lefètke n fè mizajou, sa pral asire plan an rete yon gid stab k ap soutni kalite lavi kominate a, k ap abòde pri lojman, k ap soutni developman ekonomik, k ap pèmèt moun jwenn transpò ki bon pou yo, k ap ede anviwònman an dire e reziste, e k ap kreye posiblite sosyal e ekonomik ki fasilité yon kominate k ap fleri e ki aksepte tout moun pou jenerasyon k ap vini yo.

Vizyon ak Prensip de Baz

Ekip Envision Cambridge la te travay ansanm ak kominote a pa mwayen atelye, konvèrsasyon 1 a 1, sondaj, ak plis bagay toujou, yon fason pou kreye yon vizyon pou vil la.

Grasa anpil enteraksyon ak kominote a, plan an idantifye 6 prensip de baz kominote Cambridge la eksprime ki fòme objektif ak rekòmandasyon ki nan plan an. Vizyon an ak prensip de baz yo fòme yon fondasyon ansanm kote yo konstwi rekòmandasyon yo anrapò ak evolisyon Cambridge.

Vizyon

“Cambridge se yon vil ki wè lwen, ki akeyan, e ki gen anpil divèsite.

Nou jwi yon bon kalite lavi epi nou fleri nan yon kominote ki dirab, ki aksepte tout kalite moun, e ki eklere.”

Prensip de Baz



Kalite Lavi

Nou bay yon anviwònman ki vivan e ki natirèl anpil valè epi nou soutni yon sistèm transpò ki dirab, ki bon mache, ki pèmèt moun fasilman konble bezwen yo gen chak jou yo, e ki bay yo aksè ak resous rekreyatif.



Divèsite ak Egalite

Nou se yon kominote ki akeyan, ki selebre divèsite nou jwi, e ki asire moun jwenn lojman yo ka peye ak posiblite pou yo reyisi.



Posiblite Ekonomik

Nou bay moun posiblite ak stabilite grasa travay bon kalite, devlopman ak fòmasyon pou anplwaye, ak salè ki pèmèt moun viv, yon fason pou soutni sekirite ekonomik abitan yo.



Dire ak Rezistans

Nou poze aksyon responsab pou redui efè nou gen sou anviwònman an epi nou konstwi yon vil ki dirab ak yon kominote ki djanm.



Sante ak Byennèt Kominote a

Nou ankouraje yon mòd de vi aktif ki bon pou lasante nan yon kominote ki soutni w, ki an sekirite, ki ba w okazyon pou w gen yon lyen ak vwazen w yo ak lanati, e ki pèmèt ou patisipe nan devwa w genyant antanke sitwayen.



Edikasyon

Nou vle moun aprann pandan tout vi yo epi nou selebre travay atistik ak kreyativite nan kominote nou an ki rich an kilti.

Pi Gwo Kesyon Plan sa a Abòde

- Kwasans Ekonomi an ak Chanjman nan Endistri:** Plis pase yon mwatye travay nan Cambridge se nan domèn edikasyon, pwofesyonèl, ak sèvis teknik, sa gen ladan I endistri syans lavi ak teknoloji. Anmenmtan tou, anplwa ki jeneralman ofri salè mwayèn yo diminye avèk letan.
- Pi Gwo Popilasyon:** Popilasyon Cambridge la ap ogmante rapidman. Selon rit li gen kounye a, disi ane 2030, popilasyon vil la pral atenn maksimòm li te gen an 1950 lan ankò, ki se 120,000.
- Plis Inegalite:** Malgre ekonomi nou ap grandi, se pa tout moun ki tire pwofi nan kwasans sa a. Gen gwo dekalaj ant diferan ras, peyi kote moun soti, ak klas nan domèn ogmantasyon salè, nan ki nivo edikasyon moun rive, kiyès ki ka achte kay, ak lòt faktè ankò.

- Mwens Lojman Bon Mache:** Lefèkte gen plis moun ki bezwen lojman, sa fè gen mwens kay ki nan nivo ba oswa modere. Anmenmtan tou, gwo demann ki gen pou espas komèsyal la fè pri lwave yo ogmante, e sa fè vin gen gwo konpayi rich ki ka peye plis pou tè ki mete ti biznis, nouvo biznis lokal, ak macahnn deyò espas yo ye yo.
- Chanjman nan Klima:** Tanperati k ap ogmante ak move tan ki rive pi souvan e ki pi rèd fè gen plis risk inodasyon ak gwo chalè. Disi ane 2070, li pwobab risk sa yo pral pi wo lontan.
- Chanjman nan Kalite Travay Moun Fè:** Yon ekonomi ki baze sou enfòmasyon—ansanm ak pi bon teknoloji biwo otomatik, sistèm komunikasyon travay k ap evolye, ak mòd k ap chanje—kreye demann pou espas ki gen plizyè itilite, andwa pou rankont, ak bon sistèm transpò. Anplis de sa, ogmantasyon nan komès elektwonik ap chanje jan moun achte. Nou ka wè machin transpò ak livrezon ogmante anpil sou ri yo nan vil la pandan ane ki sot pase yo.
- Deplasman k ap Evolye:** Nouvo métòd pou òganize sistèm transpò ak teknoloji k ap evolye rapidman yo pral kontinye chanje fason nou deplase nan vil la ak nan ozalantou yo. Anmenmtan tou, anpil travay bezwen fèt pou ranfòse mòd transpò ki dirab nou deja genyen yo.
- Chanjman nan Aspè Fizik Vil la Genyen:** Li pwobab chanjman nan ekonomi an, nan kominate a, nan popilasyon an, ak nan anviwònman an nou rezime nan tandans planifikasyon sa yo pral kontinye pouse vil la chanje fizikman alavni, selon sa nou wè.

Rezime sou Pwosesis yo

Pandan premye faz pwosesis la, Envision Cambridge te baze sou kontribisyon kominote a te fè ak analiz ransèyman pou idantifye pwoblèm ak posiblite kle yo, pou devlope yon vizyon pou tout vil la, e pou defini prensip de baz nou yo. Vizyon nou an ak prensip de baz nou yo sèvi kòm fondasyon plan an epi yo gide rekòmandasyon atravè 6 domèn planifikasyon: klima & anviwònman, byennèt kominote, ekonomi, lojman, deplasman, ak fòm vil la.

Nan dezyèm faz la, nou te fouye pi fon nan domèn planifikasyon yo. Nou te tabli gwoup travay presi epi n te baze sou kontribisyon kominote a te fè pou n prepare objektif, teknik, ak aksyon pou chak domèn.

Finalman, nou te devlope yon sistèm mezi ak objektif pou n ka kontwole pwogrè nou fè nan chak domèn. Nou te fe konvèsayon nan kominote a tou pou konprann lyen ki gen ant diferan objektif yo, pou ekilibre rekòmandasyon atravè chak domèn planifikasyon, epi n te presize ki priyorate nou tout genyen.

Pwosesis sa a te pwodui yon plan aksyon ki te idantifye ki aksyon pou n poze kounye, nan yon tan ki pa long, ak nan yon tan ki pi long, aksyon k ap gide aplikasyon plan an pandan ane k ap vini yo.

Yon Apwòch Kolaboratif


Plizyè milye manm kominote yo te fome Envision Cambridge pa mwayen yon pwosesis piblik ki te dire 3 an. Patisipasyon kominote a te esansyèl pou kreye yon plan k ap itil pandan anpil tan ki byen reflete sa kominote a vle alavni.



Nou te fè pwosesis planifikasyon an yon fason pou tout manm kominote yo ka pataje ide yo genyen. Vil la te fè efò pou yo touche pi plis moun posib, tout diferan fason, e pou yo asire yo dyalòg la te reflete divèsite Cambridge genyen an.

Men ki objektif angajman ki te gide pwosesis la pandan n t ap touche kominote a:

- Chèche bonjan konesans sou kominote a epi chèche kontribisyon sou kesyon enpotan ki gen rapò ak anvi nou.
 - Ede tout moun konprann pwosesis la ak diferan kalite pwennvi manm kominote yo genyen.
 - Kreye yon kominote ki angaje pa mwayen yon pwogram piblik ki enplike anpil diferan kalite moun.
 - Devlope yon vizyon komen ki reprezante tout moun ki envèsti nan kominote a, yon fason pou etabli priyorate pou avni vil la.
 - Kreye yon strikti k ap pèmèt kominote a toujou bay kontribisyon, kolaborasyon, ak angajman.
- Pou n attenn objektif sa yo, nou te devlope diferan zouti pou n ka angaje n ak kominote a, kit se fasafas, kit se pa mwayen lapòst oswa sou entènèt:
- 7 komite ki fòme ak abitan, moun biznis, ak moun enstitisyon.
 - Atelye piblik, pòt ouvè, ak diskisyon an gwoup.
 - Yon alyans avèk Ekip Angajman Kominote a pou touche fanmi Cambridge ki manke jwenn sèvis ki nan kominote sa yo: moun nwa ki fèt Etazini, moun Bangladèch, Chinwa, Etyopyen, Ayisyen, sa ki pale Espànyol, ak sa ki pale Arab.
 - Yon “ekip lari” ki te vizite evènman lokal, festival, park, mache, bibliyotèk, azil, ak lòt andwa kote moun reyini nan zòn yo.
 - Yon Estasyon Angajman Mobil ak aktivite sou developman ki pral fèt nan koulwa yo ak fason yo pral itilize ri yo.
 - Vizite Massachusetts Avenue ak Cambridge Street apye.
 - Sondaj sou entènèt ak sou papye.
 - Yon jounal ki bay kat, ransèyman, istwa, ti konesans enteresan, imaj andwa piblik, ak entèvyou avèk manm kominote yo.
 - Yon zouti angajman dijital ki disponib 24 sou 24 sou entènèt ki pèmèt manm kominote yo pataje opinyon yo konsènan objektif yo, fè kòmantè, e fè enteraksyon avèk lòt itilizatè.



Angajman Patisipan yo

5,000+

Kantite patisipan "ekip lari"
nou an te touche

2,000+

Kantite sondaj moun ranpli
sou entènèt e fasafas

5,000+

Enteraksyon sou rezo sosyal

500+

Moun ki asiste atelye piblik

115

Manm komite ki te fòme 7 komite
ak gwooup travay

165

Édtan yo pase nan reyinyon
komite ak reyinyon gwooup travay


160

Patisipan nan gwooup ki soti
nan kominote souprezante

74

Reyinyon piblik, san wete atelye,
diskisyon an gwooup, ak
diskisyon nan gwooup travay

Klasman Distri



- █ Katye Rezidansyèl
- █ Plas ak Koulwa Prensipal ki gen Plizyè Itilite
- █ Zòn Enstitisyon Gwo Etid
- █ Zòn Tranzisyon
- █ Distri k ap Evolye ki Gen Plizyè Itilite

Kat sa a bay yon ide sou klasman diferan pati vil la genyen yo sou baz jan yo ye kounye a ak chanjman ki gendwa fèt alavni.

Rekòmandasyon

Jere Kwasans

Depi lontan Cambridge se yon vil ki konn chanje, men presyon pou l chanje a vin pi fò toujou pandan dènye deseni yo. Ekonomi nou an ki solid, inivèsite nou yo ki gen gwo renome, aspè/ekipman enteresan nou gen nan vil la, bonjan sèvis leta vil la ofri yo, ak bèl kalite lavi ki genyen an fè vil nou an youn nan pi bèl kote pou moun viv, travay, aprann, e jwe, ni nan zòn nan, ni atravè tout peyi a. Avantaj ak aspè/ekipman Cambridge ofri yo fè gen yon gwo demann espas. Sa pouse yo fè nouvo devlopman atravè vil la, e sa lakòz kominote a santi presyon pandan l ap fè fas ak transfòmasyon demografik, ekonomik, e fizik.

Envision Cambridge tabli yon chema pou jere kwasans sa a ki konstwi sou e ki konplete modèl devlopman ki la deja yo. Li chèche prezèye itswa vil la ak katye yo ki fè yo gen yon karaktè patikilye epi anmenmtan li chèche konble bezwen kominote yo gen jodi a ak bezwen yo pral gen alavni.

Premye etap pou jere kwasans lan se evalye differan distri ak katye Cambridge yo. Cambridge se yon vil ki konplèks ki gen plizyè kouch istwa ak presyon devlopman ki gen efè sou aparans chak andwa jodi a. Konsa, klasman ki vin apre a rezime kondisyon ki gen jodi a epi l karakterize posiblite pou gen kwasans alavni.

Katye Rezidansyèl yo dwe zòn kote yo pa atann anpil kwasans, ki rete plizoumwen menm jan yo ye, pandan yo pèmèt devlopman ranplisaj pou konplete yo ki ann amoni ak gwo objektif vil la. Gendwa gen devlopman ki pi varye e ki gen plizyè itilite nan koulwa transpò segondè yo.

Plas Prensipal ak Koulwa ki gen Plizyè Itilite sou Massachusetts Avenue ak Cambridge Street yo dwe grandi nan yon vitès modere e mezire ki pwofite sistèm transpò ki toupre a e ki elaji sou karaktè espesyal yo genyen ak sans plasman yo.

Zòn Enstitisyon Gwo Etid yo dwe grandi sitou sou teren de baz tradisyonèl yo, avèk bonjan nouvo adisyon nan andwa ki gen plizyè itilite ki bò kote yo, pandan yo diminye pati ki bò kote katye rezidansyèl tadinisyonèl yo.

Zòn Tranzisyon yo dwe facilite differan kalite devlopman ki fè w santi yo pa twò differan parapò ak aktivite ki toupre yo e ki aksantye byenfè itilite teren ki toupre yo genyen.

Distri k ap Evolye ki Gen Plizyè Itilite yo, tankou Kendall Square, North Point/Cambridge Crossing, ak Alewife, dwe kontinye resevwa majorite kwasans ak chanjman k ap fèt nan vil la. Yo dwe pwofite sistèm transpò ki toupre a epi yo dwe byen transfòme zòn ki gen teren paking, teren yo itilize pou bagay ki gen rapò ak machin, ak biling komèsyal ki pa alamòd ankò.

Klima ak Anviwònman

Cambridge se yon vil ki chaje, ki konsantre sou tranzisyoh, ki gen yon tradisyon anviwònmantal pwogresif ak yon plan anviwònman solid ki ankou. Vil la ap travay pou amelyore kalite anviwònman an pou tout moun e pou diminye efè l gen sou klima a ak sou ekosistèm yo ki nan zòn nan. Tè, lè, dlo, ak sistèm dechè Cambridge yo amelyore pandan deseni ki sot pase yo kote yo diminye endistrializasyon, yo vin pi konsyan de kesyon anviwònman yo, e kote gouvenman lokal la poze aksyon kowòdone. Sepandan, pandan tout moun vin pi konsyan de chanjman klima a nan lemonnantye a, nou dwe fè fas ak plis risk akoz inodasyon ak gwo chalè. Risk sa yo soti nan chanjman k ap fèt nan anviwònman fizik la, men tou, kondisyon sosyal e ekonomik yo afekte kiyès ki plis afekte akoz chanjman nan klima a. Pandan Cambridge kontinye travay pou abòde diferan kesyon sa yo, tach la vin pi konplike akoz enfrastrikti a ki kontinye vin pi granmoun, wòl nou kòm yon motè ekonomik nan zòn nan, ak bezwen nou bezwen aksyon kowòdone ni nan zòn nan, ni nan lemonnantye a.

Vizyon pou 2030

Cambridge se yon vil dirab ki kiltive sistèm natirèl li yo, ki limite kantite polisyon li bay, e ki rezistan devan efè chanjman nan klima a. Vil la

konprann lyezon ki gen ant itilizasyon enèji, fason yo jere ekoloji natirèl yo, fason yo diminye efè move tan, ak sante ak byennèt popilasyon an. Cambridge aktivman devlope enfrastrikti, tabli regleman anviwònmantal ki saj, e rekompansé aksyon prive moun fè ki kreye yon anviwònman dirab pou tout moun.

Objektif

Aksyon Anrapò ak Klima a: Atenn neutralite kabòn disi ane 2050.

Pare pou Chanjman nan Klima a: Pwoteje laví moun Cambridge yo ak mwayen yo gen pou yo viv yo kont efè chanjman nan klima a genyen an.

Pwoteje Ekoloji a: Prezève e ogmante byodivèsité Cambridge genyen an, espas ouvè yo genyen yo, ak abitasyon yo.

Kalite Dlo a: Fè bon jesyon resous dlo yo pou yo ka dire epi amelyore kalite dlo a.

Jesyon Dechè: Minimize kantite dechè ki fèt epi eliminate dechè ki déjà la.

Jistik Anviwònmantal: Asire tout abitan Cambridge yo jwenn pwoteksyon kont sa ki afekte anviwònman an epi asire yo tout jwi resous anviwònman yo yon fason ki jis.

Teknik pou Atenn Objektif nou yo nan Domèn Klima ak Anviwònman an

1 Akselere vitès yo konvèti tout biling nan vil la an biling ki pa bay okenn polisyon.

2 Redui kantite polisyon yo konn bay akoz zafè transpò a.

3 Restore e agrandi enfrastrikti vèt Cambridge la ak kantite pyebwa li genyen, epi soutni byodivèsite.

4 Modènize sistèm jesyon ijans yo ak enfrastrikti ki la déjà a yon fason pou byen reyaji devan chanjman nan klima yo.

5 Redui kantite dechè solid nou kreye a epi pa jete oswa boule fatra ki ka resikle ak fatra òganik.

6 Redui polisyon nan domèn lè, limyè, dlo, ak bri.

7 Redui kantite dlo potab moun bezwen.

8 Jere dlo lapli yo avèk envestisman publik nan enfrastrikti ak antretyen ki fèt pou dlo lapli.

9 Travay avèk tout kominate Cambridge la pou ranfòse inisyativ Vil la pran anrapò ak klima a ak anviwònman an.

10 Fè publik la konnen inisyativ Vil la pran anrapò ak klima a ak anviwònman an ansanm ak efè desizyon politik yo pran yo gen sou anviwònman an.





Byennèt Kominote

Yon kominote se plis pase yon seri biling, ri, ak enfrastrikti; li plis pase jis yon andwa. Yon kominote fêt grasa divès pase, eksperyans, kwayans, dezi, idantite, ak resous manm li yo genyen. Nan ka Cambridge la, divèsite sa a enspire vil la avèk idantite espesyal e dinamik li genyen an. Byenke zafé aksepte moun ak tèt ansanm nan te toujou enpòtan pou Vil la lè l t ap fikse objektif, chanjman k ap fêt nan ekonomi an menase pou yo limite divèsite Cambridge jwi a. Popilasyon yo te konn minimize yo, tankou moun ki gen koulè yo, imigran yo, ak fanmi revni fèb yo, ansanm ak fanmi revni mwayèn yo, kontinye fè fas plis ak deplasman, ensekirite nan domèn lojman ak finans, ak yon santiman kòmkwa yo gendwa pa fè pati avni Cambridge la. Anplis de sa, anpil abitan enkyete yo poutèt y ap pèdi lyen yo te gen ak kominote a pandan lavi yo kontinye vin pi okipe e popilasyon vil la chanje. Kidonk, byennèt kominote nou an depann de si Cambridge rete yon vil kote tout moun enplike, kote abitan yo ka viv bél vi nan katye vivan, kote yo ka fè enteraksyon ak vwazen yo, e kote yo ka di yon mo nan avni vil yo a.

Vizyon pou 2030

Cambridge se yon vil kote tout moun gen posiblite viv yon vi rich kote yo an sante e yo okipe nan aktivite yo. Moun kwè yo ka ede bay kominote yo fòm. Vil la kontan enstitisyon ak istwa patikilye li gen déjà a, toutpandan l ouvri pòt li pou nouvo veni e aksepte anvi nou pral pataje ansanm nan.

Objektif

Posiblite: Fè tout moun jwenn posiblite, kèlkeswa diferans yo genyen.

Jistis Rasyal: Mete fen nan gwo diferans ki gen ant diferan ras yo epi fè tout ras yo jwi egalite.

Angajman Sivil: Bay tout moun pouwva pou yo patisipe nan vi publik la.

Sante ak Byennèt: Asire tout moun jwenn resous ki soutni sante jeneral yo, byennèt yo, ak yon vi long.

Travay Atizana ak Kilti: Travay pou gen yon vil kote ekspresyon ak traidyson kiltirèl entegre nan tout aspè nan vi sivil la.

Aprann e Jwe: Ankouraje moun aprann pandan tout vi yo epi ba yo okazyon pou yo jwe e detann yo.

Santiman Kòmkwa Yo nan Plas yo: Ranfòse lyezon sosyal nou genyen yo epi pèmèt gen yon kominote akeyan ki gen sekirite.

Teknik pou atenn objekitf nou yo nan domèn byennèt kominote a

1 Mete zafè divèsite ras ak kilti a devan lè n ap tabli politik epi ogmante konpetans kiltirèl la anrapò ak kesyon ras la.

2 Asire Cambridge se yon vil ki akeyan e an sekirite pou moun, kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa sèks yo di yo genyen.

3 Limite konpòtman vyolan epi trete efè fizik ak efè emosyonèl ki soti nan sibi oubyen wè vyolans.

4 Ankouraje moun vote, sitou gwoup moun ki te konn pa gen vwa, epi ankouraje divèsite nan gouvènman an.

5 Ogmante patisipasyon gwoup ki manke vwa yo lè y ap tabli politik e gouvène.

6 Ankouraje moun patisipe nan vi kominote a pa mwayer pwogramasyon dirèk ak sipò pou gwoup kominotè.

7 Soutni fanmi Cambridge yo pa mwayer edikasyon pandan gwo sèvis, sèvis gadri, ak dizay ki fêt pou fanmi.

8 Bay pwogram ak sèvis ki konble bezwen pèsòn aje yo ak moun ki gen andikap.

9 Travay pou eliminate zafè moun viv sanzabri a epi ede moun ki pa gen kay yo jwenn abri ak sipò.

10 Soutni tout moun nan domèn sante mantal, sante konpòtmantal, ak sante emosyonèl epi redui kantite moun k ap pran dwòg.

11 Ankouraje moun tout laj ak moun ki gen tout nivo kapasite pou yo jwe yon fason kreyatif.

12 Ede moun viv yon fason ki bon pou sante yo epi ede yo jwenn manje ki bon pou lasante ki pa twò chè.

13 Soutni divèsite ak tradisyon Cambridge genyen yo lè n selebre yo epi n rekònèt yo yon fason fòmèl.

14 Asire atis yo gen espas nan Cambridge pou yo travay, fè rankont, fè cho, e montre travay yo fè.

15 Bay aktivite atistik jarèt lè n ogmante oditwa ak sipò pou atis pwofesyonèl ak atis ki pa pwofesyonèl.

Ekonomi

Cambridge nan tèt ekonomi mondal la. Sektè ekonomik de baz vil la kreye pwosperite angwo epi yo ede vil la fleri pandan ekonomi rejjonal la ap soti nan endistri pwodiksyon an pou rive nan endistri ki baze sou konesans. Sepandan, se pa tout moun ki santi sikse sa a. Cambridge vle prezèvè divèsite li ak distri komèsyal espesyal li yo, li vle gen plis egalite, epi l vle ankouraje yon ekonomi ki mache pou tout moun. Divèsite l la se youn nan bagay ki fè Cambridge yon vil vivan. Lap ka kenbe divèsite sa a sèlman si tout abitan yo, kèlkeswa kote yo soti, ka jwenn bon travay, si yo gen kapasite pou kòmanse biznis pa yo, e si yo ka jwenn pwogram ki devlope konpetans yo ak posiblite yo gen pou yo agrandi. Plan an gen ladan 1 rekòmandasyon pou elaji sou kowoperasyon yo fè ak biznis ak enstitisyon yon fason pou kreye yon mache travay ki akspete plis kalite moun epi pou kontwole devlopman pou kreye yon anviwònman ki pral soutni objektif ekonomik vil la genyen yo.

Vizyon pou 2030

Cambridge se yon sant global ki pran devan nan ekonomi konesans lan epi l se yon golyat ekonomik nan zòn nan ki ofri differan kalite bon travay, distri komèsyal k ap fleri, ak yon bél kalite lavi pou tout moun. Vil la aktivman soutni sektè de baz li yo, sektè ki fèk

ap devlope yo, ak endistri ki kreye sitiyasyon sosyal pozitif yo. Abitan yo ka jwenn travay ki stab ki peye yon salè k ap pèmèt yo viv, epi yo ka jwenn edikasyon ak sèvis ki bay posiblite ekonomik. Tout moun, kèlkeswa pase yo oswa idantite yo, dwe kapab jwenn posiblite nan Cambridge.

Objektif

Pwoperite Kominote a Pataje: Asire moun gen posiblite jwenn travay ak yon salè k ap pèmèt yo viv, epi asire yo ka jwenn bonjan edikasyon, fòmasyon, ak sipò.

Egalite: Nan domèk posiblite ekonomik la, elimine diferans ki gen ant differan ras yo, differan sèks yo, ak lòt kalite diferans.

Sant Ekonomik Global: Ede Cambridge rete yon pwen santral nan ekonomi global ki baze sou konesans lan.

Diferan Kalite Travay: Pèmèt gen differan kalite travay anplis sèlman travay wo nivo nan kèk endistri.

Diferan Kalite Biznis: Asire biznis lokal yo, ki differan kalite, differan gwo sè, ak differan nivo kwasans, kapab derape, grandi, e rete nan Cambridge.

Distri Komèsyal ki Anfòm: Prezèvè e amelyore karaktè espesyal distri komèsyal Cambridge yo genyen, sitou plas prensipal li yo ak koulwa ki gen plizyè itilite yo.

Teknik pou atenn objektif nou yo nan domèn ekonomik la

1 Pote amelyorasyon nan fòmasyon ak pwogram edikasyon ki genyen yo epi elaji sou kowoperasyon nou fè ak anplwayè ak enstitisyon pou yo ka konble bezwen kominote Cambridge la genyen yo nan domèn edikasyon ak fòmasyon.

2 Fè envèstisman ki favorize aksepte moun kèlkeswa nivo sosyal oswa nivo ekonomik yo, yon fason pou soutni egalite, pou ede Cambridge rèt devan nan domèn ekonomik la, e pou soutni kalite lavi l ki vivan.

3 Bay rekompans pou moun ki kreye e prezèvè espas komèsyal ki pa twò chè.

4 Ankouraje yon anviwònman biznis ki priyoritize biznis lokal ki endependan yo e ki pèmèt tout kalite moun fè biznis pa yo.

5 Ankouraje yon “vi lari” aktif nan distri chopping Cambridge yo.

6 Prezèvè e soutni itilizasyon teren pou endistri lejè ki pa mande anpil lajan pou derape.

erbs

SALE!
OFF

MENTS, HERBAL
ENTIAL OILS!

Please take a
basket...
Thanks for not shopping
into your bag!

CAMBRIDGE
LOCAL
FIRST

Independent
CAMBRIDGE
Local First

Cambridge
Natural

Store Hours
Monday - Friday
9AM - 8PM
Saturdays
9AM - 7PM
Sundays
10AM - 7PM

SPECIAL HOLIDAY HOURS
MONDAY DECEMBER 17TH - SATURDAY DECEMBER 22ND
SUNDAY DECEMBER 16TH
HOLIDAY HOURS

Body
Boy

STAND UP
FOR NATURE
FOR DIVERSITY
FOR EQUITY

STAND UP
FOR NATURE
FOR DIVERSITY
FOR EQUITY



VANS



PULL

Lojman

Menm jan ak anpil vil nan zòn Boston nan e atravè peyi a, Cambridge gen gwo bezwen nan domèn lojman an. Sa fè pri lojman an ogmante e sa mete anpil kay twò chè pou fanmi revni fèb, fanmi revni modere, ak menm fanmi revni mwayèn. Pandan pwosesis Envision Cambridge la, souvan moun yo te soulve bezwen anrapò ak gen plis lojman ki pa twò chè ak plis lojman an jeneral. Mache travay vil la ki anfòm nan ak bèl kalite lavi a fè gen plis bezwen lojman nan Cambridge, sa ki fè pri lwaye yo monte ansanm ak pri pou moun k ap achte yon premye kay. Vil la gen plizyè pwogram deja anplas ki ogmante kantite kay ki toujou rete nan yon nivo ki pa twò chè, men pwogram sa yo fè fas ak defi pandan mache a vin pi chè toujou.

Vizyon pou 2030

Abitan Cambridge yo ka viv nan lojman ki gen sekirite, ki pa twò chè, e ki anrichi lavi moun. Moun ki gen tout kalite pase ka chwazi viv isit, e gen plizyè kalite chwa lojman ki disponib pou moun, kèlkeswa nivo sosyal e ekonomik yo, kèlkeswa kote yo ye sou wout lavi a, yon fason pou konble bezwen lojman tout moun Cambridge yo genyen. Anplis de sa, gen sipò lojman dirab pou moun ki nan bezwen. Vil la enplike aktivman nan fè moun jwenn lojman epi l sèvi kòm yon lidè nan zòn nan nan fè avanse politik pou lojman ki efikas e ki avanse.

Objektif

Lojman ki Pa Twò Chè: Kenbe e elaji sou posiblite moun genyen pou yo achte/lwe lojman k ap dire ki pa twò chè e ki gen restriksyon nan papye tè a, yon fason pou Cambridge ka fleri antanke yon kominote ki gen fanmi ki gen revni tout nivo.

Diferan Kalite Lojman: Bay diferan kalite chwa lojman pou moun ak fanmi ki gen diferan nivo sosyal e ekonomik, ki differan kote sou wout lavi a, e ki gen diferan bezwen fizik.

Kominote Kote Moun ka Byen Viv: Soutni lojman bon kalite ki favorize lasante, ki reziste klima a, e ki ekonomik nan domèn enèji a.

Stablite Lojman: Soutni kapasite abitan Cambridge yo genyen pou yo rete Cambridge. Asire toujou gen differan kalite lojman ki disponib pou pèmèt fanmi yo demenaje nan lojman ki ka konble bezwen yo.

Acha Kay ki Pa Twò Chè: Soutni mache a yon fason pou kay pa twò chè epi pran devan nan diminye pri kay k ap ogmante.

Katye Opòtinite: Favorize “kominote opòtinite” lè n bay lojman nan differan katye ki toupre transpò publik, travay, ak sèvis sosyal.

Teknik pou atenn objektif nou yo nan domèn lojman an

1 Ogmante pwodiksyon lojman angwo.

2 Ankouraje yo fè lojman ki pa twò chè pou fanmi revni fèb, fanmi revni modere, ak fanmi revni mwayèn lè n kreye rekompans pa mwayen regleman ak zafè zòn.

3 Ogmante resous k ap soutni pwodiksyon ak prezèvasyon lojman ki pa twò chè.

4 Fè toujou gen yon seri opsyon lojman ki pèmèt fanmi demenaje nan lojman ki pi bon pou yo pandan bezwen yo chanje.

5 Ogmante zouti ak resous k ap anpeche deplasman ak ensekirite nan domèn lojman an, epi abòde zafè moun k ap viv sanzabri a.

6 Devlope yon alyans ki pi laj ki gen antite publik e prive k ap soutni pwodisyon lojman, sitou lojman ki pa twò chè, nan Cambridge ak zòn ki ozalantou yo.

Deplasman

Fè tout moun jwenn transpò ki pa danjere, ki fyab, ki byen òganize, e ki dirab se yon aspè kle nan konstwi yon ekonomi ki bon pou tout moun, nan redui polisyon, nan amelyore sante publik la, ak nan kreye yon bél kalite lavi pou tout moun ki Cambridge. Politik Vil la genyen anrapò ak deplasman yo gentan redui kantite machin prive ki sou wout yo, malgre popilasyon vil la ak popilasyon zòn nan kontinye ogmante. Sepandan, sistèm transpò yo nan vil la pral bezwen kontinye adapte avèk letan pandan zòn nan ap agrandi, pandan teknoloji ap avanse, e pandan ekonomi an ap chanje. Cambridge dwe abòde defi sa yo lè l amelyore rezo transpò li a ki gen plizyè fasèt, lè l ogmante lyezon l fè ak sistèm transpò rejyonal dirab yo, ak lè l plede pou politik transpò pwogresif atravè rejyon an.

Vizyon pou 2030

Tout moun ki abite, travay, etidye, oswa jwe nan Cambridge gen plizyè diferan chwa deplasman ki pa danjere, ki pa twò chè, ki pratik, ki dirab, e ki djanm. Transpò nan vil la pa jis yon kesyon de soti yon andwa pou al nan yon lòt yon fason pratik. Se yon kesyon tou de kreye espas pou kominate a epi kreye posiblite anmenmtan. Inisyativ transpò Cambridge pran yo reflete avansman e yo soutni egalite, epi politik transpò pwogresiv Vil la genyen yo pèmèt li rete yon lidè nasyonal nan sans lan.

Objektif

Egalite ak Aksè: Asire gen plizyè kalite chwa transpò ki ka konble bezwen aksè ak bezwen deplasman moun tout laj, tout kapasite, ak tout revni genyen.

Fyab e Pratik: Asire moun ak byen ka deplase yon fason fyab atravè Cambridge ak zòn ki ozanolantou yo, epi ankouraje chwa transpò ki ekonomize espas tankou mache apye, monte bisiklèt, transpò publik, ak vwayaje ak plizyè moun nan yon sèl machin.

Transpò Aktif ki Pa Danjere: Elimine aksidan ki touye moun e ki lakòz moun blese grav pandan n ankouraje moun viv yon fason aktif epi n amelyore konfò moun tout laj ak kapasite.

Branche e Fasil pou Itilize: Kreye yon rezo transpò pou tout moun ki fasil pou konprann, ki kowòdone, ki toujou an fonksyon, e ki konfòtab.

Karakteristik ak Dinamis Kominotè: Asire sistèm transpò vil la soutni espas ki pou tout kominate a e1 amelyore ri katye yo.

Bon pou Klima a: Fè yon sistèm transpò ki pa bay polisyon epi ki adapte l parapò ak chanjman nan klima a.

Teknik pou atenn objektif nou yo nan domèn deplasman an

1 Pèmèt plis moun jwenn chwa transpò dirab epi ogmante kote enfrastrikti transpò dirab la ka rive.

2 Amelyore enfrastrikti transpò dirab ki deja la a pou l ka pi fasil, pi fyab, e pi djanm.

3 Amelyore e ogmante enfrastrikti sekirite a pou moun k ap itilize ri yo.

4 Fè ajisteman nan rekonsans regleman yo ak pri byen publik yo koute tankou espas pou paking, yon fason pou limite vwayaj ak paking ki pa nesè epi pou byen itilize espas publik yo.

5 Fè ajisteman nan politik ki abòde kòman pou itilize teren epi soutni chwa transpò dirab yo.

6 Pi byen jere mouvman pwodui angwo yo pou limite blokis sa lakòz e pou amelyore aspè pratik la ak sekirite a.

7 Amelyore enfòmasyon pou publik la sou kòman pou deplase Cambridge an sekirite e yon fason pratik, epi edike publik la plis sou sekirite nan zafé transpò a.

8 Etabli nouvo regleman pou prepare pou deranjman ki pral fèt nan sistèm deplasman yo akoz teknoloji.

9 Plede pou ogmante enfrastrikti transpò dirab atravè rejyon an, sitou kote l pral afekte Cambridge dirèkteman.





Irish
Music
TUE 9

Best
FISH
&
CHIPS

Fòm Vil la

Fòm bilding yo, espas ouvè yo, ak ri yo afekte eksperyans nou fè nan vil la.

Cambridge gen yon fòm patikilye ki gen ladan l plas prensipal, distri ki gen plizyè itilite, koulwa komèsyal, katye, kanpous, ak espas ouvè. Epitou, vil la gen yon gwo varyete diferan stil ak gwosè achitekti. Melanj sa a fè

Cambridge yon bèl kote pou moun viv, travay, aprann, e jwe. Anmenmantou, yon ekonomi fò vle di kèk zòn nan vil la ap renouve. Sa gen ladan l plas prensipal yo ak koulwa ki gen plizyè itilite yo, ansanm ak distri ki te endistriyèl lontan, fwontyè katye rezidansyèl yo, ak espas ki bò kote wout ki byen antretni yo. Cambridge gen okazyon pou l itilize elan renovasyon yo pou pwofi kominate a e pou asire fòm novo distri yo avanse prensip kominate yo e yo konplete konteks ki deja la a.

Vizyon pou 2030

Devlopman piblik e prive k ap fèt Cambridge yo kreye bèl kote vivan ki favorize lasante pou abitan, travayè, élèv, ak vizitè vil la. Fòm vil la onore istwa Cambridge la, pandan l konble bezwen kominate jodi a ak fiti abitan yo genyen yo. Devlopman vil la chèche ekilib ant prezève karaktè vil la ak kwasans k ap fèt pou akeyi novo abitan ak aktivite, avèk yon distribisyon ki jis atravè vil la.

Objektif

Fason Vil la Devlope: Kontinye devlope vil la jan sa déjà ap byen fèt la, epi avanse prensip vil la cheri yo pa mwayen prezèvasyon ak devlopman k ap konplete sa k la déjà a.

Kwasans nan Zòn k ap Evolye:

Ankourje renovasyon ki ka gen plizyè itilite, ki fasilité pyeton, e ki dirab nan zòn ki aktyèlman sèvi kòm teren pou paking, itilite ki gen rapò ak machin, ak biling komèsyal ki pa sèvi ankò.

Devlopman Tranzisyon: Lè gen devlopman k ap fèt sou fwontyè zòn ki déjà byen etabli yo, fòme novo devlopman yo pou yo konplete modèl distri ki bò kote yo a, pou yo ka sèvi plizyè itilite ak plizyè gwosè, epi pou pèmèt zòn kote gen anpil transpò piblik yo sèvi plis moun toujou.

Espas Ouvè: Kreye yon rezo espas ouvè bon kalite ki lye tout abitan yo ak resous natirèl lokal e rejyonal, ki fasilité diferan aktivite ak eksperyans, ki favorize tout kalite moun, e ki ankouraje moun kreye lyen sosyal.

Aktivasyon: Modle fòm, itilizasyon, ak dizay devlopman yo, sitou espas piblik yo ak biling ki bay fas yo sou lari a, yon fason pou fasilité moun itilize espas piblik yo.

Pwosesis Dizay: Fè efò pou itilize dizay ki wo nivo pou novo devlopman yo lè n kreye yon pwosesis evalyasyon ki klè e pratik nan fason l fè enteraksyon ak pèsonèl Vil la, konsèy yo ak komisyón yo, ak kominate a.

Teknik pou atenn objketif nou yo nan domèn fòm vil la

1 Ogmante kantite moun estasyon transpò piblik yo ka pran pandan n favorize karaktè patikilye plas nou yo ak zòn bò koulwa nou yo genyen.

2 Prezève entegrite istorik ak divèsite katye Cambridge yo, san wete biling yo ak espas ant biling yo.

3 Ankourage yo fè aktivite nan etaj de baz nouvo biling, sitou biling ki sou koulwa ki gen plizyè itilite.

4 Gide devlopman yon fason aktif nan zòn ki gen bonjan posiblite pou yo chanje yo pa mwayen planifikasyon ak evalyasyon devlopmantal ki fet espesyalman pou zòn nan.

5 Revize pwosesis evalyasyon devlopmantal la pou l pi transparan pou devlopè yo ak piblik la pandan n ap fè efò pou n fè dizay wo nivo.

6 Pwofite devlopman prive pou kreye e antretni espas piblik bon kalite epi pou bay pwogramasyon dinamik.

7 Elaji sou rezo espas piblik ouvè a pa mwayen nouvo espas ouvè, nouvo pwogramasyon, ak pi bon lyezon lokal ak lyezon rejyonal.

8 Amelyore rezo espas piblik ouvè a pa mwayen prezèvasyon, antretyen, ak amelyorasyon espas ouvè ki déjà egziste yo yon fason pou sèvi yon divès popilasyon.

9 Pou enstitisyón Cambridge yo, sa gen ladan l kanpous inivèsite ak lopital yo, soutni kwasans yo fè sou teren yo déjà genyen yo ak sou zòn ki gen plizyè itilite ki bò kote teren yo, epi dekouraje yo antre nan zòn rezidansyèl.

Pwochèn Etap

Pibliye plan final la se dènye etap nan pwosesis Envision Cambridge la, men travay konswi yon meyè avni pou vil la apèn kòmanse. Rekòmandasyon yo ki nan plan sa a kreye yon kat pou gide aksyon ki pral fèt pou abòde pwoblèm Cambridge ak anpil lòt vil ap fè fas avè yo. Vizyon ak prensip yo te aksantye nan reyinyon kominotè yo, objektif ak teknik nou detaye nan paj sa yo, ak aksyon presi nou dekri yo pral gide politisyen yo, pèsonèl Vil la, Konsèy Planifikasyon an, ak lòt konsèy ak komisyon pandan yo devlope plan pou zòn ak plan sijè, fè lwa, detèmine bidjè, konsidere pwopozisyon pou developman, plede pou aksyon reyjonal, desine enfrastrikti, kreye politik, ak lòt bagay

ankò. San dout yo pral diskite Aksyon nou pale nan plan final la e pral rafine yo pandan y ap aplike yo, epi gendwa gen nouvo ide ki vin enpòtan pandan bezwen vil la genyen yo ap chanje. Malgre sa, deskripsyon ak objektif Envision Cambridge dekri yo pral ede politisyen yo ak kominote a pran desizyon sa yo alavni.

Nan ane k ap vini yo, nou pral retounen sou plan sa a pou n asire n ap travay nan sans vizyon ak prensip ki ladan l yo—vizyon ak prensip ki reprezante konviksyon ak objektif kominote nou an genyen. Ane apre ane, avèk dilijsans ak detèminasyon, nou pral kontinye reyalize vizyon nou gen pou Cambridge la.



Moun Nou ta Renmen Rekonèt

Komite Konsèy Envision Cambridge

Ruth Allen, Paddy's Lunch
 Marlinia Antoine, The Port
 Josh Gerber, 1369 Coffee Houset
 Frank Gerratana, Cambridgeport
 Bill Kane, BioMed Realty Trust
 Zeyneb Magavi, Strawberry Hill
 Joseph Maguire, Alexandria Real Estate
 Risa Mednick, Transition House
 Alexandra Offiong, Harvard University
 Ebi Poweigha, The Port
 Zuleka Queen-Postell, The Port
 Ruth Ryals, Neighborhood Nine
 Tom Sieniewicz, Planning Board
 Bethany Stevens, East Cambridge
 Tom Stohlman, West Cambridge
 Jon Alvarez, MIT
 Matthew Wallace, Berry Line
 Robert Winters, Mid-Cambridge

Gwoup Travay Alewife la

William Ahern, Alewife Business Association
 Doug Brown, West Cambridge
 James Butler, Cambridge Self Storage
 John DiGiovanni, Trinity Property Management
 Mark DiOrio, The Bulfinch Companies
 Margaret Drury, North Cambridge
 Karen Dumaine, Alewife Transportation Management Association
 Margaret Gadon, West Cambridge
 Jennifer Gilbert, North Cambridge
 Eric Grunebaum, North Cambridge
 Catherine Preston Connolly, Konsèy Planifikasyon
 Tom Ragno, King Street Properties
 Sam Stern, West Cambridge
 Geoff Wood, North Cambridge

Gwoup Travay Klima ak Anviwònman an

Maggie Booz, Strawberry Hill
 Maxwell Cohen, North Cambridge
 Henrietta Davis, Cambridgeport, Ansyen Majistra
 Sophia Emperador, North Cambridge
 Cynthia Hibbard, Mid-Cambridge
 Zeyneb Magavi, Strawberry Hill
 Emily Myron, Cambridgeport
 Mike Nakagawa, North Cambridge
 Julie Newman, MIT
 Christopher Nielson, Mid-Cambridge
 Steven Nutter, Green Cambridge
 Abigail Regitsky, Cambridge Highlands
 Julianne Sammut, Neighborhood Nine
 Claire Santoro, Agassiz
 Joanne Scheuble, East Cambridge
 Juliet Stone, Riverside
 Henry Vandermark, Neighborhood Nine
 Matthew Wallace, Berry Line
 Jules Williams, Riverside

Gwoup Travay Ekonomi an

Chris Barr, Biogen
 Tony Brooks, Coast Café
 Sarah Gallop, MIT
 Josh Gerber, 1369 Coffee House
 Theresa Hamacher, Neighborhood Nine
 Dave Holtz, Wellington-Harrington
 Denise Jillson, Harvard Square Business Association
 Jay Kiely, Forest City
 Daniel Lander, West Cambridge
 Ivy Moylan, Brattle Film Foundation
 Gina Plata, Just-A-Start
 Ebi Poweigha, The Port
 Ruth Ryals, Neighborhood Nine
 Daniel Shenfeld, Cambridgeport
 Ottavio Siani, Mid-Cambridge
 Saul Tannenbaum, Cambridgeport
 Mary Ting Hyatt, Bagelsaurus
 Ty Wilson, CustomMade

Gwoop Travay Angajman ak Kominikasyon an

Debbie Bonilla, Mid-Cambridge
Phyllis Bretholtz, Mid-Cambridge
Justin Crane, North Cambridge
Elaine DeRosa, Cambridge Economic Opportunity Committee
Tara Greco, Neighborhood Nine
Eryn Johnson, Community Art Center
Justin Kang, City Awake
Sarah Kennedy, Cambridge Chamber of Commerce
Ben Peterson, Wellington-Harrington
Zuleka Queen-Postell, The Port
Jeenal Sawla, Mid-Cambridge
Cathie Zussy, Cambridgeport

Gwoop Travay Lojman an

Leonardi Aray, Strawberry Hill
Mark Boyes-Watson, Cambridgeport
Kelley Brown, MIT
Kathryn Carlson, East Cambridge
Steven Cohen, Mid-Cambridge
Lauren Curry, Just-A-Start
Lee Farris, The Port
Bob Flack, Twining Properties
Anthony Galluccio, Mid-Cambridge, Ansyen Majistra ak Senate
Esther Hanig, The Port
Sean Hope, Hope Legal
Jesse Kanson-Benanav, Wellington-Harrington
Monique King, Cambridgeport
Tom Lorello, Heading Home
Eva Martin Blythe, YWCA
Margaret Moran, Cambridge Housing Authority
Deborah Morse, Agassiz
Cheryl-Ann Pizza-Zeoli, Wellington-Harrington
Zuleka Queen-Postell, The Port
Susan Schlesinger, Cambridgeport
Ellen Shachter, Cambridge and Somerville Legal Services
Robert Winters, Mid-Cambridge

Gwoop Travay Deplasman an

Dave Allan, Cambridgeport
Ruth Allen, Neighborhood Nine
Michelle Danila, North Cambridge
Rachel Dias Carlson, Wellington-Harrington
Chris Featherman, Neighborhood Nine
Nate Fillmore, East Cambridge
John Gintell, Mid-Cambridge
Greg Heidelberger, The Port
Mark Jensen, West Cambridge
Caitlin McMurtry, Riverside
Steve Miller, Cambridgeport
Rob Ricchi, Agassiz
Ruthann Rudel, North Cambridge
Emma Sandoe, North Cambridge
Melissa Shakro, MIT
Bethany Stevens, East Cambridge
Stacy Thompson, Livable Streets Alliance
Annie Tuan, Mid-Cambridge
Dustin Weigl, Cambridgeport

Pèsonèl Vil la

Depatman Developman Kominotè

Iram Farooq, Manadjè Adjwen Vil la pou Developman Kominotè
 Melissa Peters, Manadjè Pwojè
 Cassie Arnaud
 Suzannah Bigolin
 John Bolduc
 Gary Chan
 Sandra Clarke
 Cliff Cook
 Bronwyn Cooke
 Chris Cotter
 Stuart Dash
 Bill Deignan
 Christina DiLisio
 Seth Federspiel
 Stephanie Groll
 Lisa Hemmerle
 Wendell Joseph
 Jennifer Lawrence
 Bridget Martin
 Khalil Mogassabi
 Brendan Monroe
 Susanne Rasmussen
 Jeff Roberts
 Pardis Saffari
 Cara Seiderman
 Tegin Teich
 Erik Thorkildsen

Depatman Ealyasyon

Robert Reardon, Direktè

Konsèy Cambridge Arts

Jason Weeks, Direktè
 Lillian Hsu

Komisyón Istorik Cambridge

Charles Sullivan, Direktè

Depatman Travay Piblik

Owen O'Riordan, Komisè
 Jerry Friedman
 Michael Orr
 Kathy Watkins

Depatman Finans

David Kale, Manadjè Adjwen Vil la
 Matthew Nelson

Depatman Sèvis Imen

Ellen Semonoff, Manadjè Adjwen Vil la
 Allyson Allen
 Shelly Chevalier
 Michelle Godfrey
 Elizabeth Mengers
 Susan Mintz
 Emily Singer
 Carole Sousa
 Sue Walsh

Depatman Lapolis

Branville G. Bard, Jr., Komisè
 Devon Bracher

Depatman Sante Piblik

Claude-Alix Jacob, Administratè an Chèf Sante
 Piblik
 Sam Lipson
 Kari Sasportas
 Kristin Ward
 Joséfine Wendel
 Anna Wieglosz

Biwo Enfòmasyon Piblik

Lee Gianetti, Direktè

Depatman Lekòl

Dr. Kenneth Salim, Siveyan Jeneral
 James Maloney
 Claire Spinner

Sikilasyon, Paking, ak Transpò

Joseph Barr, Direktè
 Brooke McKenna
 Adam Shulman

Depatman Dlo

Sam Corda, Direktè
 Frederick Centanni
 David Kaplan
 Tim MacDonald

**Yon remèsiman espesyal pou Ekip
 Angajman Kominotè a.**

Ekip Konsiltasyon an

Utile
HR&A Advisors
Interboro Partners
Nelson\Nygaard
Buro Happold
Donahue Institute ki nan University of Massachusetts,
Boston
McMahon Associates

Pou Kontakte Nou

Melissa Peters, AICP (Enstiti Ameriken Devlopè Sètifye)
Direktè Devlopman Kominotè
Depatman Devlopman Kominotè Cambridge
344 Broadway
Cambridge, MA 02139

envision@cambridgema.gov
(617) 349-4600
envision.cambridgema.gov

Moun ki te Fè Foto yo

Tout foto, dokiman istorik, ak imaj yo soti gratis nan men City of Cambridge la, sof sa n note yo. Nou te verifye tout foto ak imaj yo repwodui nan dokiman sa a pou asire si yo pa gen dwa otè. Si n poste yon foto oubyen yon imaj, se paske n te jwenn dwa pou n poste l nan men moun ki gen dwa otè a, paske se yon imaj publik ki pa gen mèt, oswa paske nou pa t ka detèmine si l gen dwa otè/mèt. Se pa entansyon dokiman an pou l volontèman vyole dwa otè oswa byen entelektyèl yon moun genyen kèlkeswa fason. Si n detèmine yon foto oubyen yon imaj ki parèt nan dokiman sa a gen dwa otè, n ap retire l.

Kevin Klein (paj 3, 14, 18)
Molly Akin (paj 17, 21, 22)
Gretchen Ertl (paj 13, 25)
Interboro Partners (paj 4; 8; 9 anlè adwat, mitan goch,
anba agoch; 30–31)
Utile (paj 9 anlè agoch, mitan dwat)



ENCA
MOBILITY

Location: North Cambridge
Date: April 17, 2016



TABLE 9

Scenarios #1
Children, youth,
learning, schools
Scenarios #2
Regionalism

**ENVISION
CAMBRIDGE**

MOBILE ENGAGEMENT STATION

Coming to a neighborhood near you!

Location: Cambridge Senior Center
Date: April 2nd

**ENVISION
CAMBRIDGE**

MOBILE ENGAGEMENT STATION

Coming to a neighborhood near you!

Location: Cambridge Senior Center
Date: April 2nd

**ENVISION
CAMBRIDGE**

MOBILE ENGAGEMENT STATION

Coming to a neighborhood near you!

Location: Cambridge Senior Center
Date: April 2nd

